

NYC KIDS RISE™ Save for College Program

Kisa Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a ye?

Pwogram Ekonomize pou Inivèsite (Save for College Program) NYC Kids RISE la pèmèt fanmi, lekòl ak kominote yo jwenn yon fason pou yo travay ansanm pou fè ekonomi ak pou investi nan avni pitit yo.

Se yon pwogram bousdetid ak epay ki fèt pou rann inivèsite ak fòmasyon pwofesyonèl pi aksesib pou elèv ki nan lekòl leta yo. Yo te kreye Pwogram nan pou **tout elèv ki nan lekòl leta NYC yo** kapab reve gran, devlope atou finansye pou inivèsite ak fòmasyon pwofesyonèl, epi pou yo resevwa sipò nan men kominote yo a tout pandan etid yo a. Se NYC Kids RISE, yon òganizasyon ki pa la pou fè lajan, ki jere Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a **an patenerya avèk Lekòl Leta Vil New York (NYC Public Schools) yo ansanm ak Vil New York la.**

Kòman Pwogram lan fonksyone?

Timoun ki elijib yo **enskri otomatikman epi yo resevwa yon Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) gratis, ki gen yon depo inisyal \$100 sou li** sof si paran yo oswa responsab legal yo chwazi pa patisipe. Fanmi yo ka resevwa **jiska \$175 kòm rekonpans lè yo konplete etap yo**, epi **kominote yo kapab bay sipò yo pandan y ap depoze lajan anplis** sou Kont Bousdetid NYC gwoup timoun yo atravè **Bousdetid Kominotè yo**. Yo investi lajan ke yo alwe yo sou Kont Bousdetid NYC yo sou yon kont 529 ke NYC Kids RISE posede epi jere nan non elèv k ap patisipe yo.

Aprè yo fin aktive Kont Bousdetid NYC pitit yo a, fanmi yo kapab ouvri ak konekte yon lòt kont depay pou inivèsite ak karyè ke yo posede nan avantaj pitit yo a. Apresa, yo kapab kòmanse ekonomize lajan nan fason ak montan ki koresponn ak sityasyon finansye yo.

Kiyès ki ka patisipe?

Apati ane lekòl 2024-2025 lan, elèv ki nan **klas jadendanfan jiska klas twazyèm ane** nan lekòl leta NYC yo (ansanm ak lekòl endepandan [charter schools] k ap patisipe yo) elijib pou patisipe nan Pwogram nan, **kèlkeswa revni oswa estati imigrasyon fanmi yo.**

Etandone yo te lanse Pwogram lan nan rejyon jeografik Distri Lekòl 30 lan apati lane 2017 la, tout elèv nan klas jadendanfan jiska klas senkyèm ane nan 39 lekòl pilòt yo elijib pou yo patisipe.

Kilè mwen kapab aktive Kont Bousdetid NYC pitit mwen an?

Pitit mwen an te kòmanse jadendanfan oswa li te fèk kòmanse Klas 1^{ye}, 2^{yèm} oswa 3^{yèm} ane nan yon lekòl leta NYC (oswa yon lekòl endepandan [charter schools] k ap patisipe) pou premye fwa

Ou kapab aktive ak afiche Kont Bousdetid NYC pitit ou a nan mwa **Janvyè 2025 lan!** Lekòl ou a ansanm ak NYC Kids RISE pral fè w konnen lè kont pitit ou a pare pou aktive l.



Pou kounya, ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram lan nan nyckidsrise.org oswa w kapab patisipe nan yon atelye vityèl nan nyckr.org/events.

Aktyèlman, pitit mwen an nan klas 1^{ye}, 2^{yèm} oswa 3^{yèm} ane epi li te nan yon lekòl leta NYC (oswa yon lekòl endepandan [charter schools] k ap patisipe) pandan ane lekòl ki sot pase a.

Konpliman! Si w pa t soti nan Pwogram lan, pitit ou a gentan gen yon Kont Bousdetid NYC gratis ki gen **\$100 inisyal** sou li pou inivèsite ak fòmasyon pwofesyonèl. Swiv etap ki anba yo pou w kapab aktive ak afiche kont lan epi pou **resevwa \$25 anplis.**



Ale sou nyckr.org/st-register. Antre kòd postal lakay pitit ou a, dat nesans li, ansanm ak Nimewo Idantifikasyon Elèv pitit ou a. Apresa, klike sou Soumèt. Ou kapab mande lekòl ou a pou l ede w tou!

Kesyon yo Poze Pi Souvan yo

1. Kisa yo ka fè ak lajan ki sou Kont Bousdetid NYC a?

Yo investè lajan ki sou Kont Bousdetid NYC a sou yon kont 529 epi li ka sèvi pou divès kalite depans pou edikasyon siperyè nan nempòt enstitisyon ki elijib nan peyi Etazini ak aletranje. Anplis fakilte ak inivèsite kat lane tradisyonèl yo, gen lòt tip enstitisyon ki elijib ki gen ladan yo inivèsite kominotè, lekòl pwofesyonèl ak komèsyal, pwogram aprantisaj ki elijib, ak pwogram diplòm sou entènèt. Lajan bousdetid la ka sèvi pou frè eskolarite, peman, ekipman, depans pou chanm ak pansyon, e menm pou liv, ke souvan lòt bousdetid yo pa kouvri.

2. Kijan estati imigrasyon m afekte kapasite m pou m patisipe?

Li pa afekte !! Tout elèv ki elijib ka patisipe nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a kèlkeswa estati imigrasyon yo. Fanmi yo **pa** bezwen bay yon Nimewo Sekirite Sosyal (Social Security Number, SSN) oswa Nimewo Idantifikasyon Fiskal Endividyèl (Individual Taxpayer Identification Number, ITIN) pou pitit yo a enskri nan pwogram lan epi pou l resevwa yon Kont Bousdetid NYC.

3. Kisa k ap rive kont bousdetid pitit mwen an si nou kite distri lekòl aktyèl nou an anvan pitit mwen an gradye nan lekòl segondè?

Depi pitit ou a fin resevwa yon Kont Bousdetid NYC, li ka toujou gen aksè ak kont sa menm si li deplase al nan nempòt lòt distri piblik oswa lekòl endepandan [charter schools] ki nan Vil New York la. Pitit ou a ap toujou rete elijib tou pou tout avantaj ki lye ak patisipasyon l. Si pitit ou a kite sistèm lekòl leta NYC a, pitit ou a ap

toujou kapab itilize lajan ki gentan depoze sou Kont Bousdetid NYC li a, men li p ap elijib pou l jwenn okenn lòt rekonpans adisyonèl.

4. Lè w genyen yon Kont Bousdetid NYC, nan ki fason sa afekte kalifikasyon w pou benefis piblik yo?

Kòm se NYC Kids RISE ki posede epi jere Kont Bousdetid NYC yo, lè w gen kont bousdetid sa a, sa **pa** gen enpak sou aplikasyon yon elèv oswa fanmi l pou benefis piblik. Si yon fanmi ekonomize lajan sou pwòp kont depay pou inivèsite ak karyè li, atou sa a ka gen enpak sou yon seri avantaj.

5. Nan ki fason lè w genyen yon Kont Bousdetid NYC sa afekte kalifikasyon w pou èd finansye?

Poutèt se NYC Kids RISE ki posede epi k ap jere Kont Bousdetid NYC yo, si w genyen kont bousdetid sa a, sa **pa** gen enpak sou kalifikasyon yon elèv pou l resevwa èd finansye pandan lajan an sou kont la. Ofiramezi pitit ou ap apwoche pou l ale nan inivèsite ak fòmasyon pwofesyonèl, NYC Kids RISE ap bay plis enfòmasyon sou fason itilizasyon lajan ki sou kont bousdetid la pou edikasyon pitit ou a ka afekte kalifikasyon l pou l resevwa èd finansye lè lajan an depanse. Li posib pou gen enpak, li posib pou pa genyen. Si yon fanmi ekonomize lajan sou pwòp kont depay pou inivèsite ak karyè li, epay sa yo ka gen enpak sou fòfè èd finansye elèv la.



Pou jwenn plis detay sou Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a ansanm ak kesyon anplis yo poze pi souvan yo, tanpri, ale sou nyckr.org/faq.